# Q.MÁTMURATOVTIŃ "BIR ÚYDE EKI ÓMIR" DRAMASINDA QAHARMAN XARAKTERIN SÚWRETLEWDE REMARKANIŃ ÁHMIYETI

***Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı***
*Berdaq atındağı QMU magistrantı*
*Elek.poch:* nargizaqadirniyazova@icloud.com

**Annotaciya**. Bul maqalada qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili dramaturgı Q.Mátmuratovtıń "Bir úyde eki ómir" dramasında qaharman xarakterin ashıp beriwde remarkalardıń tutqan ornı hám xızmeti analizlenedi. Shığarmadağı remarkalar tekst hám saxna ortasındağı kópir sıpatında qaralıp, personajlardıń ishki keshirmelerin, psixologiyalıq jağdayın hám avtor ideyasın túsindiriwdegi kórkemlik áhmiyeti mısallar menen tiykarlanğan.

**Gilt sózler:** Q.Mátmuratov, "Bir úyde eki ómir", drama, remarka, qaharman xarakteri, psixologizm, kórkemlik xızmet, saxna jağdayı, avtorlıq túsindirme.

Avtordıń túsindirme sózi yamasa avtor remarkası waqıya bolıp ótetuğın orındı, personajlardı olardıń kásip-kárin, halatların túsindirip beriwde qollanıladı. Bul kórkem ámel prozalıq, dramalıq shığarmalarda da qollanıladı, biraq dramalıq shığarmada onıń atqaratuğın xızmeti úlken. Remarka oqıwshınıń kóz aldına bolajaq saxnadağı kórinislerdiń sebeplerin túsindirip, personajlardı olar menen tanıstırıwğa ayrıqsha xızmet atqaradı.[1]

"Remarka (fransuzcha remargus – túsinik mánisinde) – dramalıq shığarmalardağı avtordıń túsindirme sózi."[2]

Biz bul qatarlar arqalı remarkanıń dramalıq yáki prozalıq shığarmalarda áhmiyetli ról oynaytuğınlıġın kóremiz. Dramalıq shığarmalarda remarka júdá áhmiyetli bolıp, olar saxna háreketi, qaharmanlardıń ruwxıy jağdayı, orın hám atmosfera haqqında mağlıwmat beredi. Dramalıq shığarmada dialoglarda aytılmağan, biraq sezilerli ishki halatlar, háreketler yáki mimikalar remarkalar arqalı belgili boladı.

***Jeńisbay.*** *Keshiriń ata. Amanlıq emes! Búgin bir opasızdıń sebebinen ar-namıs tolqıwında, ǵázep penen qaynağan júregim tebirenip, hesh nárseni sezbey tur. Júregimnen ayrıldım juregimnen! Júreksiz adam, adam ba? Men soqırman, hesh nerseni kóre almaytuğın górmen! (qaltasınan arağın shığarıp). Búginnen baslap, tek mınadan basqa hesh nárseni kóre almayman. (206-bet).*

Dramada Jeńisbay obrazın jaratıwda dramaturgtıń sheberligi remarkalardan paydalanıp, dramaturgtıń Jeńisbayğa degen poziciyasınıń unamlı ekenligin, onıń xarakterin tolıq ashıp beriwinde. Mısalı, onıń dramasında Jeńisbaydıń kúyinishi,

---

[1] Палимбетова М. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ драматургиясы. – Ташкент: Импресс медиа, 2023. –Б. 88.
[2] Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы (1980-2010-жыллар). –Нөкис: Илим, 2016. - Б. 47.

súyinishi onıń jeke dárti, qaygısı, ogan degen súygen yarınıń opasızlıgı súwretlengen. Degen menen, Jeńisbay óz súygen yarına erisip, baxıtlı turmıs keshiredi.

Biz, bul qatarlardan *"qaltasınan aragın shıgarıp"* sózi qawsırma ishine alıp jazılgan. Yagnıy bul avtor sózi yamasa remarka dep ataladı. Bunda, drama saxnaga qoyıwga maslastırılganı ushın is-háreketler avtor sózi arqalı berilip atır. Bul is-háreketlerdi avtor remarka arqalı túsindirmese, kitap oqıwshısına túsiniksiz bolıp qalıwı múmkin. Sonlıqtan da remarkalar dramalıq shıgarmalarda áhmiyetli.

***Gúlzar*** *(juwırıp barıp, Xámireni jeteleydi). Júr ene, júre ber! Aldıńda sıpa bar. Al endi otıra go. (kópshik berip) Má ene, Mına kópshikke súyenip otırıń. (228-bet).*

Dramaturg Gúlzar obrazın unamlı qaharman sıpatında ashıp bergen. Bul obraz arqalı Gúlzardıń ata-anasınıń bergen tárbiyası durıs ekenligin, shańaraqta úlkenge húrmette, kishige izette bolıw kerekligin sińdire algan. Gúlzardıń enesine mehribanshılıgı, jan-ashırlıgı, hár dayım sózin eki qılmay, aytqanların buljıtpay orınlawları ashıq aydın súwretlep berilgen.

Gúlzardıń is-háreketlerin avtor tek gana saxnada kórsete alatugınlıgı sebepli remarkadan ónimli paydalana algan. Yagnıy Gúlzar úlken enesiniń kóziniń kórmeytugınlıgın bilip, onı birnársege súrnigip jıgılıp qalıwın qálemegenlikten barıp, jetelep, jol kórsetip júredi. Bunda avtordıń sheberligi remarkanı óz ornında qollana alganlıgında.

Bunnan tısqarı, *"kópshik berip"* remarkasıda qollanılgan. Bunda saxnadagı ápiwayı detal arqalı personajlar ortasında múnásebetler jarıtıp berilip atır. Gúlzardıń Xámirege kópshik beriwi onıń húrmet etiwi, ásirese jası úlken insanlarga bolgan mehribanshılıgınıń ayqın dálili. Sol tárepten alganda, remarka tek háreketti emes, bálkim personajlardıń kishipeyillik, adamgershilik, úlkenlerge húrmet kórsetiw sıyaqlı pazıyletleri ashılıp baradı.

***Sáwle*** *(túri buzılıp). Ne qılasız, búytip qıylana berip, qala bersin (shayını arı ısıradı)! (218-bet).*

Sáwle qızınıń úyine qıdırıp kelgen waqtında biz onıń xarakteriniń tolıq ashılganlıgın kóremiz. Qaytatugın kezinde Palzadanıń kóylek tiktirip kiyerseń dep bergen shayı tawarına túri buzılıp, jaqtırmay ogan mensinbewshilik penen qarawı arqalı biz, Sáwle obrazın dúnya izinen quwıp, adamlarga degen mehir-múriwbettiń jogalganlıgın kóriwimizge boladı. Avtor Sáwle obrazı arqalı xalıqta usınday unamsız obrazlardıń kóbeyip ketkenligin ashıp bermekshi.

Bul jerde *"túri buzılıp"* remarkası arqalı Sáwle obrazınıń Palzadanıń berip atırgan materialınan kewli tolmay, jaqtırmagan túr bildirip atırganlıgınıń ayqın dálili. *"Shayını arı asıradı"* remarkası da júdá jaqsı qollanılgan. Sebebi bul is-háreketler tek gana saxna júzinde qollanılmay, dramada da remarkalar arqalı jetkerilip beriliwiniń ózi bir unamlı process. Remarkalar bolmaganda fizikalıq is-háreketlerdi jetkerip beriw avtor ushın da múshkil, tamashagóy ushın da túsiniw qıyınraq bolar edi. Biz, bunnan

jámiyetimizdegi ayırım bunday dástúrlerdi dep insanlardıń bir-birine bolǵan mehir-múriwbettiń joǵalıp, kewil qalıspalıq sıyaqlı sezimlerdiń kóbeyip atırǵanlıǵı bárshemizge belgili.

***Biybigúl.*** *Qızım, endigi jaǵında seniń anań, mine, mına kisiler. Saǵan meniń analıq pándiw násiyatım, analarıńdı húrmet et, betine jel bolıp tiyme quwatım. Oylasıp is qıl. Aqılıń jetpegen jerde aqıl, qolıń jetpegen jerde járdem sora. Egerde bulardı húrmet etpeseń, meni húrmetlemegeniń, yaǵniy meniń aq sútimdi aqlamaǵanıń. Analarıńdı sonday húrmet et, iláyım, qartayǵanda sende sonday húrmet izzetke bólengeyseń! (Gúlzardı mańlayınan suyip) Baxıtlı bol janım! (240-241-betler).*

Biz, dramaturg obraz jaratıwda Biybigúl obrazı arqalı mehriban ana obrazın kóz aldımızǵa keltiremiz. Óz perzentine sıylasıqlı, awızbirshilikli bolıwdı, húrmetti, izzetti, túsindiretuǵın ana obrazın jarata alǵan. "Atańa ne qılsań, aldıńa sol keledi" degenindey Biybigúlda óz qızına anaların húrmet etip, gáp qaytarmaw kerekligin, keleshekte ózińde qanday húrmetleseń sonday húrmetke sazawar bolatuǵınlıǵın aytıp óz qızına baxıt tiledi.

Joqarıdaǵı qatarlar arqalı Biybigúldiń óz qızınıń mańlayınan súyiwi – analıq mehirdiń ayrıqsha bir bólegi. Bul is-háreketler tek ǵana saxna tamashagóyleri ushın emes, remarkalar arqalı kitap oqıwshısına da qolaylı.

***Zernegúl.*** *(Kirer kirmesten aq dawıslap). Ene, ene, sheshe, há sheshe, súyinshi súyinshi beriń!*

***Xámire.*** *(tańlanıp). Ne ózi, ne súyinshi shıraǵım?*

***Zernegúl.*** *Kishkene balań qız ákiyatır, házir kelin keledi ene, kelin! (226-bet).*

Bunda dramaturg Zernegúl obrazın konfliktke tolı obraz sıpatında onıń eki ortadaǵı gáplerdi tasıytuǵınlıǵın, birewdi birewge jamanlap mába kóretuǵınlıǵın ashıq aydın, onıń dialogları arqalı súwretlegen. Tiykarınan, bul obrazdı unamlıǵa da, unamsızǵa da kirgize almaymız. Óytkeni unamsız obrazǵa kirgizetuǵın bolsaq, onıń drama sońında Ulbosınnıń kóziniń jarıǵanlıǵın aytıp kelip ortada náresteniń jetim qalmawına sebepshi boldı desek qátelespeymiz.

Mısalda berilgen bul remarka Zernegúldiń is-háreketlerin tek ǵana saxna júzinde berip shegaralanıp qalmastan, kitap oqıwshılarǵa da qolaylı bolıwı ushın durıs qollana alǵan. Yaǵnıy qapıdan kirer kirmesten remarkası Zernegúldiń quwanıshı qoynına sıymay, onı jetkeriwge asıǵıp, qapıdan kirmesten-aq súyinshi beriń dep dawıslap baqırıp kiyatırǵanlıǵın sáwlelendire alǵan.

***Ulbosın*** *(Párwayı pánseri.) Apa bul zaman da malǵa tiyetuǵın urı joq, baylap ketken jeriń de turǵan shıǵar, men o, maldıń janına jaqınlay almayman, qorqaman. Kórse, balların kóre qoyǵan bolmasa! Shay ishetuǵın shıǵarsızlar?! (210-bet).*

Avtor Ulbosın obrazın qollanıw arqalı házirgi dáwirde jas kelinlerdiń tárbiyasınıń ózgerip, jas úlkenlerdi húrmetlemey, qaytarıp sóylep, óz basımshalıq penen is tutıwların ashıq aydın jarıtıp bere alǵan. Ulbosınnıń halatın súwretlewde párwayı

pánseri remarkasınan ónimli qollana alǵan.

Bul jerde párwayı pánseri remarkası Ulbosınnıń uwayım qayǵısız, arqayın halatın súwretlegen. Enesine bolǵan unamsız minezlerin kórsetip, aytqanın tıńlamay, malınan xabar almaydı. Remarka arqalı avtor Ulbosın obrazınıń ishki halatların sáwlelendire alǵan. Bul da bir avtordıń sheberligi bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, remarkalardıń dramalıq shıǵarmalardaǵı áhmiyetin, tásirin túsindirip beriwge háreket ettik. Olar saxnadaǵı ómirdi janlandırıwshı, obrazlardı toldırıwshı hám shıǵarmanıń ishki mánisin ashıp beriwshi arnawlı qural. Dramalıq shıǵarmalarda remarkalar saxna shıǵarmasınıń kórkem, emocional hám mánawiy táreplerin bayıtadı. Olar arqalı qaharmanlardıń ishki dúnyası, saxna háreketi hám avtor poziciyası ańlatıladı. Usı sebepli, remarkalar dramalıq shıǵarmalardıń ajıralmas hám arnawlı bólimi esaplanadı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, bul maqalada biz dramaların tallap otırǵan Q.Mátmuratov dáwir talabına say dramalıq shıǵarmalar dóretip, olarda qaharman obrazın jasawda úlken sheberlik kórsetkeniniń gúwası bolamız. Óytkeni, gárezsizlik jıllarınan aldıngı dáwir bolsa da, házirgi dáwir bolsa da kelin menen ene ortasındaǵı másele aktual temalardıń biri esaplanadı. Demek, dramaturg dramalıq shıǵarmalarındaǵı qaharman obrazın jasawdaǵı ózine tán ózgeshelik te onıń indvidualliq stilinen dárek berip turadı. Bir úydegi eki tábiyatlı kelin obrazın ashıp beriwde, hár úyde hár túrli tárbiyanıń beriliwi, mehir-muhabbattıń, úlkenlerdi qádirlew-qásterlew sıyaqlı qásiyetlerdiń joǵalıp ketkenligin tolıq, sheber ashıp bere alǵan.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:


1. Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы (1980-2010-жыллар). –Нөкис: Илим, 2016.
2. Мәтмуратов Қ. Жаслар парўазы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981.
3. Палимбетова М. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ драматургиясы. – Ташкент: Импресс медиа, 2023.